# Авар мац1алъул г1адатияб гуреб дарс

## Тема: Предметияб ц1ар

Учитель аварского языка:

Абакарова Асият Кайтмазовна

# Авар мац1алъул дарс: "Предметияб ц1ар"

**ГІадатияб гуреб дарс.**

**Тема: «Предметияб цІар»**

**Дарсил мурадал ва масъалаби:**

- **Лъай кьеялъул.** Предметияб цІаргун практикияб къагІидаялъ лъай-хъвай гьаби. Предметияб цІаралъул предложениялда жаниб бугеб кІвар бичІчІизаби ва гьеб каламалда хІалтизабизе лъай.
- **Лъай цебетІезабиялъул**. ГъалатІ биччачІого авар мацІалда жаваб кьезе ругьун гьари. ГІадатал предложениял гІуцІизе малъи. КІалзул калам цебетІезаби.
- **Тарбия кьеялъул.** Литературияб каламалъул кумекалдалъун цІалдохъаби авар мацІ цІунизе ва гьеб бокьизе ругьун гьари. Цоцаздехун адаб-хІурмат гьабизе куцай. ТІабигІаталде, ВатІаналде рокьи бижизаби

**Дарсил тайпа**: комбинированияб.

**Дарсил алатал:** Предметияб цІаралъул таблица, суратал-карточкаби, тестал,конвертал,слайдал.

**Дарсил ин:**

- **ЦІалдохъаби дарсиде хІадур гьари.**

-Салам, лъимал, гІодор чІа. Нилъеца жакъасеб дарсида кІвар кьезе буго нилъер мацІ пасихІлъиялда, гьеб бечелъизабиялда тІад. Нилъеца хІаракат бахъизе ккола нилъерго рахьдал мацІ лъикІ лъазе, гьеб бокьизе. Гьеб масъала тІубазе ккани, нилъеда лъазе ккола литературияб мацІалда гъалатІ биччачІого кІалъазеги, цІализеги,хъвазеги. Гьелъие кумек гьабилин ракІалде ккола нилъер гьаб жакъасеб дарсалъ.

*-ЦІумур кьабуна! Хал гьабе, лъимал,*
*ХІадурун ругищ нуж дарс байбихьизе?*
*Ручка,къалам,тетрадь ва цогидабги*
*Цадахъ босун бугищ,цебе лъун бугищ?*

Жакъа буго,лъимал, нилъер г1адатияб гуреб дарс.
-Лъида бихьараб, лъимал,передача «Щиб?Киб?Кида?»
-Лъималазул жавабал.
-Нилъеца гьанже класс бикьизе ккола 2 командаялде, капитаналги рищизе ккола. Нужеда данде,лъимал,хІазе руго жакъа гІалхул хІайванал. Гьез нужее гІуцІун руго батІи-батІиял т1адкъаял . Нуж хІалтІизе ккола хехго. Жаваб кьола тІоцебе байрахъ борхараб командаялъ, гъалатІ ккани цогидаб командаялъе рес кьола жаваб кьезе. Гьединлъидал, лъикІ кІвар кьун гІенекке! БитІун жаваб кьурасе кьола жетон, бергьуна дарсил ахиралда цІикІкІун жетонал щвараб команда.

---Нуж хІадурун ругищ, лъимал?
Байбихьулеб буго хІаялде.

1.ТІоцебесеб суал нужее кьолеб буго цІодораб гІакъилаб рузалъ:
Щай рузалде ц1одорабилан абулеб?
ТІанкІазул бакІалда кинаб хІарп лъезе ккотеб, рагІаби лъугьине ккани: гъ гь г1
…ури …обо …обол …ещт1еро
Гьел раг1абазе кинаб суал кьезе бегьулеб?
Кинаб каламальул бут1аялъе кьолел гьел суалал?(предметияб ц1аралъе)
Нилъер жакъасе дарсил тема буго:Предметияб ц1ар.

- Хадусеб суал кьолеб буго сих1ираб цералъ: Бицанк1о.
  Цер кинаб г1алхул х1айван кколеб?
  Гьеб киб бук1унеб? Гьелда сих1ирабин щай абулеб?
- **Бохдулги халатаб,**
- **Рут1биги къокъаб,**
- **Ламадур хирияб,**
- **Херги кваналеб.**
- Пил
- Г1анк1
  Гьеб дуда батараб раг1и кинаб жинсалъул кколеб?
  Гьеб бицанк1оялда жаниб чан предметияб ц1ар бугеб?
  Бергьаразе-жетон.
- Циялъ кьолеб буго суал:

Циялъе бищунго щиб, лъимал, бокьулеб?
Хъах1ал циял кир рук1унел?

- Предметияб ц1аралъул г1адатаб падеж чан бугеб?
- А)3
- Б)5
- В)4
- Гьезул ц1арал хъвай.
- Хадусеб суал кьолеб буго гъалбац1алъ:
- Предметияб ц1ар ккола…
- А)каламалъул бут1а
- Б)предложениялъул член
- В)раг1и 3 мисал баче.
- Гьаб суал кьолеб буго баг1насалъ:
- Г1емерлъул формаялда ругел предметиял ц1арал рихьизаре:
- А) рии, къо, авал, сахлъи
- Б) г1еч,гени,чакар,гамач1
- В) т1охал,бац1ал,росаби,галаби.
- Гьаб суал кколеб буго ц1иркъалъ:
  Ц1иркъалъул х1акъалъулъ щиб нужеда лъалеб?
  Ц1иркъал кинал улкабазда рук1унел?
  Г1алхул х1айваназул кинаб пайда бугеб?
- Камурал х1арпалги лъун, ясазул ц1арал хъвай:
- **Р.Х!. «Маг1арулал» (аудиозапись)**

**Музыкалияб лъалхъи:**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ○ 1 | | ○ а | | ○ и | | ○ а | ○ т |
| ○ 2 | | ○ а | | ○ и | | ○ а | ○ т |
| ○ 3 | | ○ а | | ○ и | | ○ а | ○ т |
| ○ 4 | | ○ а | | ○ и | | ○ а | ○ т |
| ○ 5 | | ○ а | | ○ и | | ○ а | ○ т |

- 
  - Гьаб т1адкъай кьолеб буго капитаназе маймалакалъ:
  - Гьоркьор риччарал х1арпалги лъун, хъвай:
  - К…р…н к…шм…ш к…рп…ч кв…р
  - б…т1…р гь…ц1… кв…рт1…
  - к…с…к… …ргъан к…л…щ т1…нк1
  - м…ц1 ц1…л…ц1 ц1…нц1р…
  - Ударение лъе, г1урус мац1алде руссинаре.
  - Бицанк1аби кьолел руго нужее попугаяз.
- Гьез щиб кваналеб?
  Попугаял кинал улкабазда рук1унел?
- 
  - А)Араб, т1ад буссунареб жо? Заман
  - Б) Ц1аги гуреб бух1улеб, зазги гуреб х1унчулеб? Мич1
  - В) Жибго гьит1ин, гьунар к1одо? Ц1унц1ра
  - Гьел предметиял ц1аразул жинсги формаги бихьизабе.
  - Т1асабищцул диктант. Суал кьолеб буго бац1алъ.
  - Т1абиг1ат ц1уни лъималазулги т1адаб иш ккола.
  - Зах1мат бихьич1ого рах1ат щоларо.
  - Ца тараб раг1уца мег1ерги тола.
  - К1ух1алалъул хуриб ч1ах1 бижула, ч1ух1аралъул хуриб заз бижула.
  - Предметиял ц1арал рате, гьезие суалал лъе.
  - Гьанже нилъер х1ай лъуг1ана,лъимал.Кинаб х1асил ккараб нилъер дарсил?
  - 1.Кинаб каламалъул бут1аялъул нилъеца жакъа дарсида бицараб?
  - 2.Кинал суалал кьолел предметияб ц1аралъе?
  - 3.Предметияб ц1аралъул чан жинс бугеб?
  - 4.Гьезие кинал суалал кьолел?
  - 5.Предметияб ц1аралъул чан форма бугеб?
  - 6.Г1емерлъул формаялъе кинаб суал кьолеб?

- 7.Предметияб ц1аралъул чан г1адатаб падеж бугеб?
- 8. Цоги сундул х1акъалъулъ нужеда жакъа лъараб?
- Х1аялъул х1асил:
- Ц1ик1к1ун жетонал щвана…………………….командаялъе.
- Гьезие кьолел руго……………………..
- Цогиязе кьела хут1арал жетонал.